**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «**Улыўма орта билим бериў мәкемелериниң өрнек көрсеткен хызметкерлерин материаллық хошаметлеў тәртибин жетилистириў ҳаққындағы 2019-жыл 30-сентябрьдеги 823-санлы қарарына өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў туўрысында"**ғы 2020-жыл 31-декабрьдеги 831-санлы қарары ҳәмде Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республика оқыў орайының 2021-жыл 10-майдағы 01/11-02/11-599-санлы хатының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **Буйыраман:**

**1.** Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «**Улыўма орта билим бериў мәкемелериниң өрнек көрсеткен хызметкерлерин материаллық хошаметлеў тәртибин жетилистириў ҳаққында**»ғы 2019-жыл 30-сентябрьдеги 823-санлы қарарына өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў бойынша 2020-жыл 31-декабрьдеги 831-санлы қарарының 25-бәнтине муўапық 100 пайызлық үстеме ҳақы алыўға даўагер педагог хызметкерлердиң оқыў шынығыўларын алып баратуғын пәнлери бойынша оқыўшыларының билимлерин қадағалаў материаллары тийкарында сыртқы мониторинг өткериў арқалы баҳалаў бойынша исши топар қурамы 1-қосымшаға, сыртқы мониторинг өткериў кестеси 2-қосымшаға, сыртқы мониторинг нәтийжелерин анализлеў бойынша көрсетпе 3-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

**2. Исши топарға:**

- Улыўма орта билим бериў мектеплериниң 100 пайызлық үстеме ҳақы алыўға даўагер педагог хызметкерлердиң оқыў шынығыўларын алып баратуғын пәнлери бойынша оқыўшыларының билимлерин қадағалаў материаллары тийкарында әдалатлы ҳәм қарарда көрсетилген талаплар бойынша сыртқы мониторинг өткериў;
- Улыўма орта билим бериў мектеплериниң 100 пайызлық үстеме ҳақы алыўға даўагер педагог хызметкерлердиң оқыў шынығыўларын алып баратуғын пәнлери бойынша оқыўшыларының билимлерин қадағалаў материаллары тийкарында өткерилген сыртқы мониторинг нәтийжелерин анықлаў ҳәм улыўмаластырыў ўазыйпасы жүклетилсин.

**3. Район(қала) халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:**

- сыртқы мониторинг өткериў кестеси тийкарында 100 пайызлық үстеме ҳақы алыўға даўагер педагог хызметкерлердиң оқыў шынығыўларын алып баратуғын пәнлери бойынша классларда оқыўшылардың қосымшада көрстилген мүддетлерде толық қатнасыўын тәмийинлеў;
- исши топар ағзаларына сыртқы мониторинг процесслерин өткериўде шарт-шараятлар жаратып бериў илажларын көриў;
- егерде оқыўшылардың сабақ кестеси сыртқы мониторинг өткериў графигиндеги мезгилге туўры келмеген жағдайда, мектептиң педагогикалық кеңеси қарары ҳәм мектеп директорының буйрығы тийкарында сабақ кестесине өзгерислер киритиўге рухсат бериў;

- сабақ кестесине өзгерислер киритилген жағдайда оқыўшылар ҳәм олардың ата-аналарына түсиндириў жумысларын алып барыў ҳәмде оқыўшылардың сабақларға келиў-кетиў жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў;
- сыртқы мониторинг процессинде жүзеге келген ҳәр қандай машқалаларды сол ўақыттың өзинде шешиўде министрлик қәнигелери менен биргеликте ислесиў ўазыйпасы тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өзиме қалдыраман.

**Министр:** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл 11 - Май
№121

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 11 майдағы «121» санлы буйрығына 1 қосымша

| № | Ф.И.О | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1 | Ҳ.Бегдуллаев | ҚР ХБМ Билим сыпаты мониторинг бөлими баслығы, Исши топар баслығы |
| 2 | Р.Ержанов | ҚР ХБМ Билим сыпаты мониторинг бөлими бас қәнигеси, Исши топар ағзасы, |
| 3 | М.Торемуратов | ҚР ХБМ Билим сыпаты мониторинг бөлими бас қәнигеси, Исши топар ағзасы, |
| 4 | Р.Узақбергенов | ҚР ХБМ Билим сыпаты мониторинг бөлими жетекши қәнигеси, Исши топар хаткери, |
| 5 | Р.Халмуратов | Әмиўдәрья районлық ХББи Билим сыпаты мониторинг бөлими бас инспектор-методисти, Исши топар ағзасы, |
| 6 | И.Бисенов | Кегейли районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти, Исши топар ағзасы, |
| 7 | Б.Матжанов | Кегейли районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти, Исши топар ағзасы, |
| 8 | А.Кеңесбаев | Нөкис қалалық ХББи Билим сыпаты мониторинги бөлими бас инспектор-методисти, Исши топар ағзасы, |
| 9 | Р.Алияров | Нөкис қалалық ХББи Билим сыпаты мониторинги бөлими инспектор-методисти, Исши топар ағзасы, |
| 10 | И.Ещанов | Қоңырат районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти, Исши топар ағзасы, |
| 11 | Ш.Тайрова | Қоңырат районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти, Исши топар ағзасы, |
| 12 | П.Сарыбаев | Хожели районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти, Исши топар ағзасы, |
| 13 | Е.Абдикаликов | Шоманай районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти, Исши топар ағзасы, |

Қарақалпақстан Республика Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 11 майдағы «121» санлы буйрығына 2 қосымша

**Улыўма орта билим бериў мектеплериниң 100 пайызлық үстеме ҳақы алыўға даўагер педагог хызметкерлердиң оқыў шынығыўларын алып баратуғын пәнлери бойынша оқыўшыларының билимлерин қадағалаў материаллары тийкарында баҳалаў бойынша сыртқы мониторинг өткериў**

## КӨРСЕТПЕСИ

1. Сыртқы мониторинг Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республика оқыў орайы тәрепинен таярланған қадағалаў материаллары тийкарында өткериледи.

2. Сыртқы мониторинг процессине 100 пайызлық үстеме алыўға даўагер педагог хызметкерлердиң оқыў шынығыўларын алып баратуғын пәнлери бойынша жәми класслардағы оқыўшылардың 30 пайызы(педагог хызметкердиң өзи сайлаў ҳқықына ийе) сайланба түрде толық қамрап алынады.

3. Сыртқы мониторинг процессине қамырап алынған оқыўшылардың ҳәр бирине белгиленген пән бойынша жәми 25 сораў бериледи ҳәм ҳәр бир дурыс жуўап 4 балл менен баҳаланады(максимал 100 балл).

4. Сыртқы мониторинг нәтийжелерине муўапық, жәми қатнасыўшылар орташа 80 пайыздан кем болмаған көрсеткишке ийе болғанда, пән муғаллими 100 пайызлық үстеме алыўға усыныс етиледи.

5. Сыртқы мониторинг процессинде үстемеге даўагер болған педагог хызметкердиң қатнасыўына жол қойылмайды.

6. Сыртқы мониторинг процессинде оқыўшылардың қол телефонынан, калькулятор, наушник, шпаргалка, көбейтиў кестеси, қолланба ҳ.т.б кураллардан (Менделеев таблицасы буннан тысқары) пайдаланыўға жол қойылмайды.

7. Сыртқы мониторинг нәтийжелери исши топар тәрепинен анықланады ҳәм анализленеди.

8. Сыртқы мониторинг нәтийжелери қайта көрилмейди ҳәм анализленбейди.

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министриниң
2021-жыл 11 майдағы «121» санлы буйрығына
3 қосымша

# Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў тараўындағы улыўма билим бериў мектеплериниң 100 пайызлық үстеме ҳақы алыўға даўагер педагог хызметкерлердиң оқыў шынығыўларын алып баратуғын пәнлери тийкарында оқыўшыларының билимлерин баҳалаў бойынша сырткы мониторинг өткериў

## Реже-графиги

| Т/Р | Шаҳар(туман) | Мактаб рақами | Давогарнинг Ф.И.Ш | Дарс берадиган фани | Таълим тили | Давогар: Жами ўқувчилар сони | Жами ўқувчи сонидан 30 фоиз танлаб олинган ўқувчилар сони | Тест ўтказила-диган сана | ХТВ дан масъул | ХТБ дан масъул |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Амударё тумани | 40 | Аширов Шерзод Мухтор ўғли | Математика | Ўзбек | Ўзбек-60, Жами: 60 | Таълим ўзбек тилида 20 нафар ўқувчи | 2021 йил 18-май соат 9-00 да | Р.Ержанов | Р.Халмуратов |
| 2 | Амударё тумани | 56 | Сапарбоев Азимбой Сабурович | Математика | ўзбек | ўзб-77, жами 77 | Таълим ўзбек тилида 24 нафар ўқувчи | 2021 йил 18-май соат 15-00 да | | |
| 3 | Хўжайли тумани | 15 ИДУМ | Жиемуратова Хатира Шамуратовна | Қорақалпоқ тили ва адебиёти | Қорақалпоқ, Ўзбек | Жами 129 | Таълимққ тилида 39 нафар ўқувчи | 2021 йил 18-май соат 9-00 да | Р.Узақбергенов | П.Сарыбаев |
| 4 | Шуманай тумани | 1 | Алламбергеова Гулнара Айтмуратовна | Қорақалпоқ тили ва адабиёти | Қорақалпоқ тили | Жами 149 | Таълим ққ тилида 45 нафар ўқувчи | 2021 йил 18-май соат 15-00 да | | Е.Абдихаликов |
| 5 | Кегейли тумани | 55 ИДУМ | Маулекеева Камила Асенбаевна | Физика | Қорақалпоқ | жами-226 | Таълим ққ тилида 68 нафар ўқувчи | 2021 йил 19-май соат 9-00 да | Р.Ержанов | И.Бисенов, Б.Матчанов |
| 6 | Кегейли тумани | 55 ИДУМ | Сейтназарова Гулчехра Сайыпбековна | Кимё ва биология | Қорақалпоқ | жами 155 | Таълим ққ тилида 47 нафар ўқувчи | | | |
| 7 | Кегейли тумани | 55 ИДУМ | Камалов Тажетдин Уснатдинович | Информатика | Қорақалпоқ | жами 119 | Таълим ққ тилида 36 нафар ўқувчи | | | |
| 8 | Кегейли тумани | 9 ИДУМ | Калмуратова Разия Сейтмуратовна | География | қозоқ/қорақалпоқ | ққ-135. қозоқ-181 | Таълим ққ тилида 41 нафар ўқувчи | 2021 йил 19-май соат 15-00 да | | |
| 9 | Нукус шахри | 46 | Пискунова Ольга Григорьевна | бошланғич таълим | рус | рус-187 Жами: 187 | Таълим рус тилида 57 нафар ўқувчи | 2021 йил 19-май соат 9-00 да | Р.Узақбергенов | А.Кенесбаев, Р.Аллаяров |
| 10 | Нукус шахри | 46 | Ан Ольга Владимировна | бошланғич таълим | рус | рус-68 Жами:68 | Таълим рус тилида 21 нафар ўқувчи | | | |
| 11 | Нукус шахри | 46 | Кунназарова Айгуль Абдижамиловна | бошланғич таълим | рус | рус-64 Жами:64 | Таълим рус тилида 20 нафар ўқувчи | | | |
| 12 | Нукус шахри | 46 | Фофонова Галина Павловна | рус тили ва адабиёти | рус | рус-158 жами:158 | Таълим рус тилида 48 нафар ўқувчи | 2021 йил 19-май соат 15-00 да | | |
| 13 | Нукус шахри | 46 | Айтенова Маргарита Афиновна | бошланғич таълим | рус | рус-169 Жами: 169 | Таълим рус тилида 51 нафар ўқувчи | | | |
| 14 | Қўнғирот тумани | 33 | Кожаниязов Бахадир Идрисович | математика | Ўзбек | Жами 119 | Таълим ўзбек тилида 36 нафар ўқувчи | 2021 йил 20-май соат 9-00 да | Р.Ержанов | Ш.Тайрова |
| 15 | Қўнғирот тумани | 33 | Калниязова Муяссар Ашировна | Бошланғич таълими | Ўзбек | Жами 32 | Таълим ўзбек тилида 10 нафар ўқувчи | | | |
| 16 | Қўнғирот тумани | 35 | Сатимов Турдыбай Кунградбаевич | География | Ўзбек, қозоқ, қорақолпоқ, рус | ўзбек 163 жами 275 | Таълим ўзбек тилида 49 нафар ўқувчи | 2021 йил 20-май соат 15-00 да | | |
| 17 | Қўнғирот тумани | 47 | Жумашева Саида Абдуллаевна | Ўзбек тили ва адабиёти | Қорақолпоқ, ўзбек, рус | жами 172 | Таълим ққ, рус, ўзбек тилида 52 нафар ўқувчи | 2021 йил 20-май соат 9-00 да | Р.Узақбергенов | И.Есщанов |
| 18 | Қўнғирот тумани | 47 | Кулбаева Зарафшон Куандыковна | Рус тили ва адабиёти | Қорақолпоқ, ўзбек, рус, қозоқ | жами 191 | Таълим ққ, рус, ўзбек тилида 58 нафар ўқувчи | | | |
| 19 | Қўнғирот тумани | 50 | Мамбетсапаев Рустамбек Оралбаевич | Математика | Ўзбек | жами 29 | Таълим ўзбек тилида 9 нафар ўқувчи | 2021 йил 20-май соат 15-00 да | | |
| 20 | Нукус шахри | 32 | Байниязова Роза Нийетбаевна | Биология | ққ | жами: ққ-149 | Таълим ққ тилида 45 нафар ўқувчи | 2021 йил 21-май соат 9-00 да | Р.Узақбергенов | А.Кенесбаев |